

SWIIVI AK PYEJÉ

Eksperyans nan prizon Digital ICE yo

ME 2022

 mijente



Boston Immigration Justice
Accompaniment Network — *Beyond*

 CJE



DETENTION
WATCH NETWORK



 YOUTH
Justice
COALITION



FREEDOM
FOR IMMIGRANTS



JUST
FUTURES
LAW

LA RESISTENCIA



ENVISION
FREEDOM

 OCAD
ORGANIZED COMMUNITIES AGAINST DEPORTATIONS

 ABISA

REMÈSIMAN

Otè yo vle remesye chak moun ki pataje experyans yo anba pwogram prizon digital ICE la pou rapò sa a.

Rapò sa a te developpe pa African Bureau of Immigration and Social Affairs (ABISA), Boston Immigration Justice ak Accountability Network (BIJAN), Community Justice Exchange, Detention Watch Network, Envision Freedom Fund, Freedom for Immigrants, GLAHR, Just Futures Law, La Resistencia, Long Beach Immigrant Rights Coalition (LBIRC), Mijente, Organized Communities Against Deportations (OCAD), ak Youth Justice Coalition. Li te ekri pa Aly Panjwani ak Hannah Lucal. Li te edité pa Julie Mao. Li te kowòdone pa Ana María Rivera-Forastieri, Elizabeth Nguyen, ak Jacinta González.

Remèsiman espesyal pou Ambien Mitchell, Jennaya Dunlap, Judy Wohlberg, Karina Solano Suarez, Luis Suarez, Maya Milic-Strkalj pou jan yo kowòdone koleksyon istwa ki nan rapò sa a.

Ôtè yo rekonèt kontribisyon fondamantal ke Youth Justice Coalition ak rapò li “Tracked and Trapped”: Youth of Color, Gang Databases, and Gang Injunctions.”¹. Pandan rapò sa fokis sou dega siveyans ICE koze a travè pwogram monitè elektronik li a, rapò sa suiv YJC’s eritaj ekspozisyon dega siveyans lapolis, etikèt gang, ak kriminalizasyon.

Tradiksyon sa tè revisè pa: Pauleine Paul

Konsespyonè grafik: OORI Studio

“ICE swiv kote mwen yé 24 èdtan pa jou sou SmartLink. Si lokasyon an pa monte, pwogram lan ap dekonfigire. Sa se strés paske ou sèlman gen senk tantativ pou’w voye yon foto ba yo, men pafwa foto yo pa abouti pou tout senk tantativ yo Se pa jis. Sipèvizyon pa jis,”

- D.F.

“Avèk SmartLink, mwen te toujou santi tankou mwen te genyen chèn nan - mwen jis pa te genyen li sou mwen fizikman. Yon fwa SmartLink te ale, mwen te kòmanse santi m pi alèz. Onètman, mwen pa swetè sa pou oken moun ké mwen konnen oswa oken moun mwen pa konnen, paske nou tout gen dwa pou nou lib,”

- R.C.

“Mwen vle fè tout sa mwen kapab pou tout moun ka libere ak anprizònman elektwonik. Li ta ka sanble tankou li enposib pou kanpe sistèm sa a, men li pa enposib. Nou ka fè li, e mwen kwè ke si nou travay ansanm nou tout ka lib,”

- Carlos.

ENTWODIKSYON

Pandan ane dènye a, administrasyon Biden te elaji rapidman pwogram sa yo rele "altènatif pou detansyon" (alternatives to detention = ATD) pwogram nan Imigrasyon ak Ranfòsman Ladwàn (Immigration and Customs Enforcement = ICE). Kè yo relè tou Pwogram Aparans Sipèvizyon Entansif (Intensive Supervision Appearance Program = ISAP), pwogram siveyans elektwonik sa kounye a gen plis pase 227,000 imigran ki sou konstan siveyans depi Avril 2022,² **sa plis doublè kantite moun ki te enskri nan pwogram nan lè Prezidan Biden te pran pouvwa.** Byen ke ISAP te prezante tankou yon "altènatif" pou sistèm detansyon ICE ki inimen ak ireparab, li pa yon altènatif. Olye de sa, pwogram nan elaji kazèn ICE ak ranfòse tout fòm detansyon imigrasyon yo. Kòm manm kominote Mario Perez dekri li, pwogram siveyans elektwonik ICE la pa anyen ke "ti kal myèt pen pou libète" ki kenbe imigran yo nan kaj dijital. **Nou pap aksepte anyen mwens ke yon fen nan kriminalize imigrasyon. Sèl vrè altènatif pou detansyon se libète.**

Rapò sa a mete aksan sou gwo kantite siveyans elektwonik ICE genyen sou kominote imigran yo, li souliye nesosite pou yon chanjman transfòmatif nan apwòch nou an nan imigrasyon. Malgre reklamasyon ICE ki fè konnen okontrè, prizon dijital yo anpeche fizikman e yo danjere pou sante ak byennèt.

B.I. Incorporated, yon konpayi teknoloji prizon ki premye vann teknoloji li yo pou swiv bèt yo, ak yon sipòtè GEO Group ki opere prizon prive atravè mond lan.³ Depi lè sa a, B.I. Incorporated se sèl kontraktè pou pwogram nan, ki te sekirize plizyè milya dola pandan de dènye deseni yo nan kasè elektwonik imigran yo ansanm ak lòt moun ki sibi sistèm anprizònman an mas atravè mond lan.⁴ Jodi a, ICE konte sou chenn cheviy⁵ B.I., rekonesans vizaj atravè aplikasyon telefòn SmartLink la, teknoloji verifikasyon vwa, ak sistèm enskripsyon biwo, vizit lakay, restriksyon sou vwayaj, ak prizon lakay yo pou kenbe imigran yo nan prizon dijital.⁶

Nou pap aksepte anyen mwens ke yon fen nan kriminalize imigrasyon. Sèl vrè altènatif pou detansyon se libète.



Sèl fason pou redwi detansyon se mete yo fin nan tout fòm detansyon. Sepandan, depi premye ane yo nan pwogram nan, DHS tronpè moun nan jan yo te brande ISAP kòm yon pwogram ki pral redwi kantite imigran nan detansyon.⁷ Prèske de deseni pita, reyalyte a lwen de sa - ISAP ap grandi byen vit atravè peyi a an menm tan ak ogmantasyon nan kantite moun ki nan kabann detansyon, sa vin elaji kontwòl ICE sou pi plis imigran. Chak branch ofis ICE [ICE Field Office] te ajoute moun nan pwogram nan nan dènye ane a; kèk biwo te wè plizyè santèn pousan ogmantasyon nan kantite moun ki nan gad dijital.⁸ Ogmantasyon sa yo mete aksan sou ekspansyon kaseral kowòdone administrasyon Biden nan gen sou pye. Epi pa gen okenn diskou ki ka kache lefèt ke ISAP se yon lòt fòm detansyon, se pa yon depa de li.

Anplis de sa, aplikasyon mobil SmartLink la vin tounen chwa ICE pou teknoloji siveyans. Ant jen 2019 pou rive avril 2022, kantite moun ki sou SmartLink nan ISAP te ogmante de 12% a 73%.⁹ Anpil branch biwo ICE tankou Baltimore, Dallas, New York, ak Phoenix te wè prèske 1000% ogmantasyon nan kantite moun ki sou SmartLink nan dènye ane a sèlman. Biwo fwontyè [Border field office] tankou Harlingen ap anrejistre plis pase 17,000 imigran sou SmartLink apati avril 2022.



OGMANTASYON POUSAN NAN BIWO TÈREN AN

Atlanta	52.91%	New Orleans	21.04%
Baltimore	51.95%	New York	120.20%
Boston	258.25%	Newark	91.75%
Buffalo	42.40%	Philadelphia	115.13%
Chicago	57.03%	Phoenix	1095.33%
Dallas	133.89%	Salt Lake City	57.76%
Denver	121.29%	San Antonio	364.57%
Detroit	7.05%	San Diego	68.87%
El Paso	401.18%	San Francisco	33.65%
Houston	6.41%	Seattle	51.12%
Los Angeles	39.85%	St. Paul	20.19%
Miami	104.28%	Washington DC	73.26%

Ogmantasyon pousan nan kantite moun ki enskri ant Me 2021 ak Avril 2022 pa biwo tèren an
Done konpile nan divilgasyon ICE nan: <https://www.ice.gov/detain/detention-management#tab2>

Pandan ke ICE te prezante siveyans mobil kòm yon altènatif ki pi imen, SmartLink poze pou ogamnte siveyans, koleksyon data, ak menas sou dwa moun. Avèk kapasite pou kontwole aparèy ak lokasyon 24 èdtan sou 7 (24/7) atravè yon smartphone, aplikasyon an ka jwenn aksè a detay entim sou lavi pèsònèl yon moun epi fè li nòmalman enposib pou viv, travay, ak patisipe nan sosyete a san yo pa siveyo ou. Pandan tout rapò sa a, eksperyans pèsònèl moun ki anba SmartLink yo montre kijan siveyans mobil lakoz chòk emosyonèl pwofon e dirab nan tout fanmi ak kominote yo.

Nou nan yon moman kritik. **Administrasyon Biden te mande \$527 milyon dola nan finansman ane fiskal 2023 a pou pwogram nan kenbe ak entansifye e-anprizònman 200,000 imigran yo.**¹⁰ Depi mas 2022, ICE te deja pase objektif pou enskri 200,000 moun nan pwogram nan, e li te prevwa ke li ka mande pou plis pase 400,000 imigran dwe nan pwogram nan nan fen ane pwochèn.¹¹ Anplis de sa, ICE te anonse kòmansman yon pwogram pilòt arestasyon nan kay ak kouvrefe, ki ap ogmante plis kontwòl sevè li gen sou imigran yo, sa ap anpeche nenpòt posibilite pou ta fè un sibstitans vi dirab.¹² Anplis de sa, ak plis ke mwatye yon bilya dola nan finansman anyèl, li posib ke ICE pral vire nan nouvo teknoloji émèjant tankou braslè siveyans pou elaji siveyans konstan ak plis entegre teknoloji sa yo nan gwo sistèm siveyans ICE ki alimante aplikasyon an, detansyon, ak machin depòtasyon.

Nan mitan echèk politik yo ak kontra ki ogmante pwofi pou kòporasyon yo se moun ki sijè a pwogram siveyans elektwonik ICE yo.

Administrasyon Biden te mande \$527 milyon dola nan finansman ane fiskal 2023 a pou pwogram nan kenbe ak entansifye e-anprizònman 200,000 imigran yo.



KONKLIZYON PRINSIPAL YO

- **Siveyans ISAP se yon fòm detansyon dijital ak rapèl konstan de leta sou mank otonomi imigran yo genyen sou pwòp kò yo ak avni yo.** Siveyans, atravè teknoloji, lakòz chòk fizik ak sikolojik, anpeche travay, ak enpakte negativman tout fanmi yo ak kominote yo.

- **ICE poze enskripsyon nan ISAP kòm volontè, lè an reyalye se yon chwa fòse ant detansyon brik ak mòtye epi detansyon dijital.** Yon fwa ke moun yo nan pwogram nan, ICE bay enfòmasyon kontradiktwa oswa ki pa bon sou etap ki pou pran pou evantyèlman libere de siveyans konstan ICE, chanje règ yo abitrèman de tanzantan epi kreye imilyasyon, laperèz ak yon mank ajans pou imigran yo ki vize pa sistèm sa yo.

- **SmartLink lakòz gwo enkyetid sou aksè ICE genyen sou lavi pèsònèl ak yon sans konstan ke yap siveye yo, patikilyèman pou kominote ki gen koulè yo ki sibi siveyans masiv ISAP e ki se tagèt pa tout fòm fòs lalwa nan yon sans pi laj.** Anplis de limite mwayen pou yon moun viv, lapèrez siveyans konstan severe lyen fanmi yo, efò pou òganize, ak kapasite pou imigran yo pale libreman epi defann tèt yo ak kominote yo.

- **Chèn nan cheviy yo bay doulè, pèsistan, stigmatizè danjere e deranje lavi chak jou - yo se yon lòt fòm prizon.** Menm aprè yo fin retire chèn cheviy yo, efè negatif fizik ak sikolojik yo dire lontan.

- **Enskripsyon obligatwa ICE ak ISAP lakòz detrès emosyonèl, enkyetid, ak laperèz pou vanjans.** Enskripsyon yo pran anpil tan, sa ki fè li prèske enposib pou kenbe yon travay oswa pran swen manm fanmi ak moun ou renmen yo.

- **ICE pa fè revizyon regilye de-eskalasyon jan sa dekri nan pwòp direktiv li yo, souvan l inyore tout ansanm nèt, sa ki fè siveyans se yon reyalye ki toujou ap kontinye.** Pa gen transparans sou pwosesis la ak demann de-eskalade yo souvan rejte.

Plis ak plis kominote ak òganizasyon nou yo ap reziste epi defye pwogram ISAP ICE la – enkli nan pataje temwayaj pèsònèl ki montre anpil enpak danjere ISAP, men jan moun ki parèt nan rapò sa a fè. Gen yon konsansis k ap grandi ke ISAP se jis yon lòt fòm kalòj atravè siveyans gwo teknoloji, e anpil moun kounye a ap òganize pou mande yon fen nan tout fòm detansyon. Dènyèman, plis pase 175 gwoup te andose yon lèt a Kongrè ki kondane pwogram ISAP.¹³ Pandan plizyè ane, òganizasyon nou yo òganize an patenarya ak moun ki sibi detansyon dijital ak siveyans atravè pwogram ISAP. Pouvwa òganizasyon kolektif nou an te grandi pandan pwogram ISAP rapidman te elaji soti nan yon ti pwogram "pilòt" pou vin tounen yon pwogram kasèrasyon elektwonik ki gen plizyè milya dola kap siveye plizyè santèn milye moun chak jou.

Apati de ekspètiz pwofon moun ki parèt nan rapò sa a, ansanm ak plizyè deseni eksperyans nan mitan kominote nou yo ak manm gwoup nou yo, demann nou yo se senp: administrasyon Biden nan ta dwe definanse ISAP sou chemen pou detwi ICE ak DHS tout ansanm. ATD se pa yon altènativ a detansyon, epi ICE pap janm defini yon chemen pou libète vre. Se poutèt sa demann sa yo dwe satisfè imedyatman.



DEMAND FONDAMANTAL YO

- **Nou mande ICE mete fen nan tout detansyon ak ISAP tout ansanm. ISAP se pa yon echanj pou detansyon epi nou mande pou yo rejte tout fòm kalòj. ICE souvan mete ISAP ak nimewo detansyon youn kont lòt, sa ki sijere ke si defansè ak kominote yo vle diminye detansyon, nou dwe aksepte ogmante ISAP ak vise vèsa. Sa a se yon fo chwa ak yon taktik politik pou jistifye ke yo toujou tagèt/vize kominote imigran yo. Reyalite a se ke ICE pa janm trete siveyans ak detansyon kòm yon jwèt sòm egal zewo men olye de sa li te elaji tou de drastikman. Epi tou de ta dwe rejte.**

- **Nou mande ICE imedyatman sispann enskri nouvo moun nan ISAP epi fè yon gwo echèl de-eskalasyon pou libere tout moun ki kounye a anba ISAP de pwogram nan. De-eskalasyon yo ta dwe fèt nan tan ki pi kout ke posib, epi bay rapò souvan sou pwogrè ak aksè endepandan sou siveyans pwosesis la.**

- **Nou mande ICE imedyatman anile kontra li ak B.I. Incorporated epi mete fen nan nenpòt patenarya pou devlope nouvo teknoloji pou kaserasyon elektwonik tankou braslè siveyans. Patenarya ICE agrandi, ki gen plizyè milya dola ak B.I. reprezante investisman masiv ke li vle fè pou kontinye kriminalize imigrasyon pandan y ap ranpli pòch kòporasyon teknoloji siveyans ak prizon yo.**

- **Nou mande ICE ak B.I. Incorporated imedyatman efase tout done kolekte ki nan pwogram nan epi asire ke nenpòt done pataje ak oswa vann bay lòt ajans gouvènman, antite prive oswa lòt twazyèm pati yo elimine. Nou mande ICE ak B.I. Incorporated bay yon rapò piblik detaye sou siveyans ki te fèt atravè pwogram nan, ki gen ladan tout mwayen siveyans itilize yo, ki done yo te kolekte, pou ki rezon yo te itilize done siveyans yo, kiyès ki te gen aksè ak nenpòt lòt detay enpòtan.**

- **Nou mande Kongrè rejte demann 527 milyon dola administrasyon Biden nan pou finansman ak ekspansyon ISAP epi definanse pwogram nan ak tout fòm detansyon. Olye ke yo finanse resous tankou swen sante ak edikasyon ki sipòte byennèt kominote a, Biden ap mande \$527 milyon dola pou pwogram ATD a — yon ogmantasyon 20% depi 2022 — pou finanse “agrandisman kontinyèl ak depandans” ICE sou e-anprizònman ak zam siveyans teknoloji ki pral ogmante kantite moun ICE fè objè detansyon dijital chak jou.¹⁴**

ENPAK ISAP SOU MOUN

Chak prizon dijital, chak chèn cheviy, aplikasyon SmartLink, ak apèl verifikasyon vwa afekte yon moun. Kòm temwayaj sa yo eklere, ISAP gen yon enpak pwofondman danjere sou lavi nonsèlman moun ki sibi pwogram nan men tou sou fanmi yo ak kominote yo tou. Nou rekonesan anvè moun sa yo ki pataje eksperyans pèsònèl yo epi defann diyite ak libète nou tout merite.

R.C.

Samuel

M.O.

Hassane

D.F.

Julia

Michael Bongani Langa

Mario Perez

S.A.

Anónimo

Carlos



R.C.

“Jis pou telechaje SmartLink epi aksepte tout kondisyon itilizasyon yo, mwen te santi mwen ouvè pou bay yo pèmasyon pou yo gen aksè a tout bagay ki nan telefòn mwen an. Malgre lefèt ke yo te retire chèn mwen an, mwen toujou te gen sansasyon ke yo te toujou tap siveye mwen, paske fondamantalman se sa li ye ... Mwen pa swete sa a pou nenpòt moun mwen konnen oswa pou nenpòt moun mwen pa konnen, paske nou tout gen dwa pou nou lib.”

Premye fwa mwen te vin Ozetazini yo te arete m nan ayewopò a e yo te mennen m tou dwat nan detansyon. Mwen pa t' kapab dòmi oswa manje epi mwen te gen move rèv. Lè yo mete chèn cheviy la sou mwen, li te santi etranj paske li se yon zafè ki pa t' fè pou sou kò mwen. Cheviy mwen fè mal, po a kote chèn lan ye te fè mal. Mwen te pèdi anpil lapè ak konfyans nan tèt mwen. Li domaje m sikolojikman. Mwen te pè nan lari a ak chèn ki vizib sa a, panse e si yon ofisye polis te wè m ! Mwen te santi m pa an sekirite epi mwen pa sèten nan mwen menm, mwen te santi ke moun deyò t ap jije m lè yo fèk wè m. Ou santi yap gade w', siveye, pa sèlman atravè aparèy la, men pa rapò moun yo nan kominote w' ki remake li.

Chèn cheviy la se tankou ou toujou nan prizon. Ou deyò, men ou nan prizon. Mwen pa t' kapab dòmi byen. Soti nan lari a, batri a kòmanse mouri epi kòmanse fè bri, "batri ba/fèb, inite rechaje" menm si mwen jis fini chaje li. Mwen konn ale nan biwo a pou jwenn yon lòt batri, men yo konn ban m 'yon batri ki ansyen, epi li vin pa bon byen vit. Toudenkou yo ap rele m - oswa pi mal toujou yo ap rele sè m epi sè m ap rele m tout enkyete - paske se pa sèlman ou, sa afekte tout fanmi ou.

Mwen pa t' kapab travay, paske yon jou nan semèn nan mwen te dwe lakay mwen. Mwen te kapab nan lari sèlman pandan sèten tan. Lè mwen aplike pou travay, non sèlman mwen te oblije eksplike orè sa a, men yo kon mande poukisa mwen te gen sa a sou mwen. Sa te trè malalèz, reyèlman difisil.

Epi vizit nan biwo yo chak mwa. Yo fè ou chita pou anpil èdtan, tann tout tan sa a pou anyen. Si m te oblije ale nan maten, yo t ap fè m rete la tout jounen an. Mwen dwe rele yon moun pou al chèche pitit mwen yo lekòl. Tèlman pèdi tan nan biwo ISAP, ap tann pou yo rele w, mande w si ou gen menm adrès la, nimewo telefòn, moun kontak ou, yo rele kèk nan kontak ou ... anplis de tout bagay sa yo, yo pale ak ou yon fason agresif.

Pitit mwen yo konn mande m poukisa mwen te genyen sa a. Menm yo te kapab wè strès li te lakòz mwen. Mwen pa t' kapab menm depoze pitit gason m' nan lekòl. Pitit gason m nan gen anpil bezwen medikal espesyal e restriksyon ki genyen ak chèn sa a te anpeche m jwenn bon jan swen medikal pou li. Finalman, mwen te jwenn yon lopital nan Philadelphia ki te kapab trete l, men mwen rapòte bay ISAP nan vil Nouyòk. Mwen te oblije mande ISAP pèmisyon pou m kite vil Nouyòk, e menm lè yo t ap bay li, pafwa m te nan otobis la pou m te kite vil Nouyòk la epi chèn nan te kòmanse bipe epi tout moun t ap gade m kòm si m t ap eseye sovè de yon bagay, epi lè sa a biwo a ap rele m '. Lè yo retire chèn mwen an aprè yon ane ak de mwa, mwen te santi yon soulajman, mwen te santi yo te retire yon pwa sou tèt mwen, mwen te santi mwen pi kalm.

Après yo te retire chèn lan, mwen te gen SmartLink pou 5 oswa 6 mwa. Jis pou telechaje SmartLink epi aksepte tout kondisyon itilizasyon yo, mwen te santi mwen t ap bay pèmisyon pou yo gen aksè a tout bagay nan telefòn mwen. Malgre lefèt ke yo te retire chèn mwen an, mwen toujou te gen sansasyon ke yo tap siveye m', paske fondamantalman se sa li ye. Lè ou pran foto yo mande pou voye ba yo, yo konnen ki lokasyon kote ou te pran foto sa a, si ou te lakay ou, si ou pa t lakay ou. Li pa santi l bon pou gen yon moun ki toujou ap siveye chak pa ou fè, menm mwens lè ou konnen ou pa fè anyen ki mal.

Avèk SmartLink, li te toujou santi tankou mwen te gen chèn lan sou mwen- mwen jis pa t 'gen li sou mwen fizikman kounye a. Yon fwa SmartLink te ale, mwen te kòmanse santi m pi alèz. Onètman, mwen pa swete sa a sou nenpòt moun mwen konnen oswa nenpòt moun mwen pa konnen, paske nou tout gen dwa pou nou lib. Men si politisyen yo ak moun ki responsab pou investi tout lajan yo te kapab tandè sa, mwen jis swete yo ta investi lajan yo nan yon lòt bagay. Sa a pa ede anyen.

SAMUEL

"Chèn nan santi tankou li peze de kilo. Li ban m de kalite doulè. Youn se lè mwen mache, mwen santi doulè nan zo mwen te deja kase lè mwen te konn jwe foutbòl. Ak dezyèm lan se yon tèt fè mal konstan, sa trè biza ...Mwen wè li kòm yon fòm manipilasyon. Yo ap eseye fè m parèt tankou moun pi move moun ki ka genyen, yo ap eseye fè m pou ta abandone, pou m' tounen."

Mwen soti Trujillo, Colon, Ondiras. Mwen te rete nan yon kominote Garifuna yo rele Cristales y Rio Negro. Nou te viv avèk imilite. Mwen pentire, mwen jwe foutbòl, mwen etidye. Mwen te rankontre madanm mwen, nou te fè yon ti bebe. Nou te gen pwòp kay pa nou, yon kay granparan m te kite pou mwen. Tout bagay te anfòm jiska lè gouvènman Ondiras la ak etranje, Kanadyen, ki t ap rive te kòmanse ap menase kominote nou an. Kote mwen soti a se bò lanmè a, ak bèl plaj, epi moun sa yo ki te rive yo vle eksplwate kominote nou an pou konstwi touris, menase nou epi eseye deplase tout kominote nou an. Moun te rive lakay nou ak zam afè, yo di nou tè nou pa t pou nou ankò. Jou m te deside ale, yon gwoup mesye ak zam te vin sou tè nou an e yo antre sou teras dèyè kay nou an. Yo pa t militè oswa lapolis. Ou ta ka di yo te sou kontra prive. Yo t ap tire. Mèsi Bondye yo pa t frape nou, men pou sekirite mwen ak sekirite fanmi mwen nou te oblije kite.

Isit la nan peyi Etazini, gen yon opòtinite pou gen lapè, pou gen kèk dwa. Men tou genyen chòk ak lè ou rive a, yo mete yon chèn cheviy sou ou, yo trete ou tankou ou se yon danje, san yo pa gen okenn konsiderasyon pou sa ou te siviv nan peyi ou. Lè yo mete sa sou janm mwen, mwen kriye, se sèten. Pou w wè ke yo mete l tou sou madanm mwen? Non. Mwen mande tèt mwen poukisa. Nou te jis travèse fwontyè a. Li pa t' fè sans.

Premye fwa yon moun remake chèn cheviy mwen an nan piblik - se te tèt chaje. Chèn nan rele "rechaje batri!" pandan mwen te nan yon asansè ak de moun, epi yo tou de te sanble pè anpil.

Lè m te ale nan biwo ISAP, mwen te krentif. Biwo a sèvi ak yon kalite kamouflaj, ou pa sèten si ou nan kòrèk plas la. Ou santi w ap antre nan prizon. Nan verifikasyon mwen yo, mwen te wè ofisye ICE pran yon moun, mete yon chèn nan kou yo, chèn nan men yo ak pye yo, kouvri bouch yo, pran yo soti nan yon pòt dèyè, epi jete yo anndan yon machin ki pa make. Yo te fè sa tankou li jis pa t yon pwoblèm. Mwen te vle rekòde yo pou montre moun sa k ap pase, men mwen te pè ke yo ta pran mwen tou. Li fè m santi m vreman pa an sekirite. Mwen pa konnen ki sa yo pral fè, si yo pral fè yon atak, ak nou tout ki bloke anndan an.

Chèn nan santi tankou li peze de kilo. Li ban m de kalite doulè. Youn se lè mwen mache, mwen santi doulè nan zo mwen te deja kase lè mwen te jwe foutbòl. Ak dezyèm lan se yon tèt fè mal konstan, sa trè biza. Mwen panse ke li gen rapò ak frekans ke chèn lan emèt, li lakòz pulsasyon nan tèt mwen, ak batman kè mwen chanje oswa mwen santi vibrasyon nan janm mwen. Mwen te di travayè sosyal ISAP mwen an sa, men li te inyore m. Mwen panse ke li vrèman danjere, mwen panse ke li ka lakòz timè, kansè. Mwen ta renmen pou yo envestige sou sa.

Se yon biznis pou yo kenbe nou nan sa. Premyèman, yo te di m' mwen tap gen chèn lan sèlman pou yon mwa. Aprè yon mwa pase, yo te di m' yo tap retire li lè mwen ba yo paspò mwen an. Aprè mwen te ba yo paspò mwen an, yo te di m ke yo t ap retire l aprè premye odyans mwen an nan tribinal imigrasyon. Aprè odyans mwen an, yo te di m' yo tap retire li yon fwa mwen gen yon avoka. Aprè mwen te mande ISAP pou retire li, yo te di m pou m pote demann sa a bay ICE. Lè m te pote demann lan bay ICE, yo te di m mwen ta dwe tann jiska fen pwosedi tribinal mwen an.

Mwen wè li kòm yon fòm manipilasyon. Yo ap eseye fè m parèt tankou pi move moun ki genyen, yo ap eseye fè pou m abandone, tounen. Isit la ka pa tèlman bon, men lòtbò sa se sètenman pi mal, epi lavi m' te an danje. Pou nan Garifuna se antre nan yon lagè epi pa janm kite li ... kounye a mwen jis bezwen gen pasyans.



M.O.

"Kounye a, yo sipèvize l sou aplikasyon SmartLink la, epi nou limite tèt nou nan pale paske nou pè pou yon jou pral gen vanjans. Siveyans sa a pa plis ke se diskriminasyon... A ofisyèl eli yo ki bay konpayi siveyans sa yoplizyè bilya: sensèman w ap imilye nou kòm èt imen. Mete ou nan plas nou, nou pa t vin fè pèsonn mal."

Nan peyi mwen, gen yon kriz sekirite ak ekonomik. Mwen te gen yon biznis, men yo ekstòde m'. Se konsa pitit fi mwen an, mari m ak mwen te kouri vin nan peyi Etazini pou chèche pi bon opòtinite ak sekirite pou pitit fi mwen an. Lè nou rive pou nou mande azil, nou pase nan move bò epi yon ofisye imigrasyon te kòmanse joure nou. Depi moman sa mwen te santi mwen imilye, mwen te santi m pilonnen - mwen pa janm imajine ke yo ta trete nou konsa.

Yo te arete nou. Li te fè frèt anpil, epi yo tap plede joure nou. Yo di nou ke nou santi move, pou nou benyen, men yo pa pèmèt nou. Twalèt yo pa t prive. Lè yo lage nou, yo mete monitè cheviy la sou mari m' ak mwen. Pye ak cheviy mwen fè mal anpil, menm lè mwen ap dòmi. Lè m' te di yo li te fè mal anpil, yo te di m' pou mwen kenbe kè oswa pa mache anpil. Po mwen te kòmanse kale. Yo te di nou ke si nou ba yo paspò nou yo, yo tap retire monitè cheviy yo, men lè nou eseye, yo di nou ke li pa mache konsa. Yo bay nou manti e yo pase nou nan betiz!



Nou toujou ap viv ak laperèz. Nou te toujou konsyan de monitè nou an paske nou te pè pou nou pa femen nan prizon ankò. Yon jou, mwen te soti al fè lesiv epi li kòmanse bip san rete paske li te kase. Mwen toujou mete pantalon ki kouvri monitè a paske moun tap gade m nan yon move fason. Mwen te santi ke nou pa t' kapab ale ankenn kote, pa menm soti al manje. Timoun vwazen mwen yo te konn jwe ak pitit fi mwen an. Yon jou, vwazen mwen an te pè lè li te wè monitè cheviy mwen an. Mwen eksplike l, men li te di pitit li yo pou yo pa pwoche bò kote pitit fi mwen an paske nou se moun ki danjere. Yon moun pa ka viv yon vi nòmal ak sa.

Nou te deplase al Chicago, epi yo retire monitè cheviy mwen an, men yo pa t retire pa mari m' nan. Lè m te ansent, yon avoka te soumèt yon lèt ak nòt doktè bay ICE epi li te di yo ke mari m pa t ka gen monitè a paske li dòmi bò kote m. Yo retire li, men kounye a yo sipèvize l sou aplikasyon SmartLink la, epi nou limite tèt nou nan pale paske nou pè pou yon jou pral gen vanjans. Siveyans sa a pa anyen ke diskriminasyon.

A ofisyèl eli yo ki bay konpayi siveyans sa yo plizyè bilya: ou sensèman imilye nou kòm èt imen. Mete ou nan plas nou, nou pa t vin fè pèsonn mal. Pou moun k ap viv ak siveyans sa a, chèche òganizasyon pou sipòte w, fòs la se nan inifye, fè tout sa ki posib pou ka retire sa. Goumen pou dwa w, pa abandone, epi toujou kenbe diyite w wo.



HASSANE

"Ou mache, ou wè moun, ou amize tèt ou petèt. Men se yon lòt fòm detansyon paske ak sa, lespri ou pa janm vrèman anpè. Ou ap viv ak laperèz konstan nan vant ou, ou jennen... Sa peze lou."

Mwen te fèt nan Gine kote mwen te travay ak yon ONG pou ogmante enskripsyon tifi nan lekòl. Nan kolèj, mwen te kòmanse aktif politikman, goumen kont mutilasyon jenital fi, kont STD, goumen pou edikasyon. Mwen te vin manm pati opozisyon prensipal lan, Inyon Fòs Demokratik Gine, e mwen te patisipe nan manifestasyon pou dwa moun tankou nenpòt sitwayen. Yo te arete m ak mete m nan prizon plizyè fwa. Dènye fwa a, mwen te sèlman kapab soti nan twou a aprè plizè gwo negosyasyon. Yon fwa mwen te soti, mwen te oblije kite peyi a pou sove lavi mwen.

Lè m te rive nan peyi Etazini, imigrasyon te kenbe nou nan yon sousòl pou yon semèn. Se yon lòt prizon. Li pa satisfè kondisyon pou kenbe yon èt imen. Nou te anviwon 20 moun andedan. Pa te gen okenn fenèt epi twalèt la te nan chanm nan avèk nou. Avèk yon tanperati ki trè trè ba, yo ba ou yon "dra" an aliminyòm. De la mwen te transfere nan Sant Detansyon Otay Mesa kote mwen te nan prizon pou kat mwa. "Sant Detansyon" se yon jwèt sou mo; se yon prizon. Li pa ditou fasil pou kenbe nivo tèt ou epi kontinye goumen. Li vreman trè trè difisil.

Jou yo lage ou, yo mete yon GPS nan cheviy ou. GPS la se yon lòt fòm prizon. Ou mache, ou wè moun, ou amize tèt ou petèt. Men se yon lòt fòm prizon paske ak sa, lespri ou pa janm vrèman anpè. Ou ap viv ak laperèz konstan nan vant ou, ou jennen. Tout tan mwen te genyen GPS la, mwen pat un jou mete pantalon kout lèm deyò. Moun pral gade ou komsa ou se yon moun ki trè danjere. Ou toujou ap kache. Moun pa konnen poukisa ou gen yon GPS, epi moral ou ba.

Epi gen batri a. Yo di lavi batri se 8 èdtan, men apre 2 oswa 3 èdtan, GPS la kòmanse fè bri, epi si ou pa chanje batri a byen vit, ou resevwa yon apèl. Si w pa reponn, fanmi w oswa zanmi w ap resevwa apèl yo... yon zanmi, yon kouzen, yon neve. Li kapab 4 AM, men sa pa anpeche yo rele. Sa peze lou.

Chak mwa, mwen te oblije rapòte nan biwo ISAP. Mwen te soumèt plizyè demann alekri pou retire GPS la. Yo te di m mwen te dwe ba yo paspò m, men Gine pat vle banm yon paspò. Aprè mwen te soumèt twazyèm lèt la yo te di mwen ke sa se desizyon ICE. Nan konsa mwen te pran yon katriyèm lèt epi pote l nan biwo ICE la. Finalman, mwen te resevwa yon apèl yon aswè. Yo te di m pou m rapòte ba yo nan demen epi yo retire li, yo di "ou lib, ou pa nan sistèm nan ankò." Se te yon soulajman. Aprè anpil anprizònman, nan Gine, nan peyi Etazini, aprè mwen fin kite sant detansyon an ak GPS sa a, yon fwa yo retire li, se lè sa a mwen te santi m lib. Se kòmsi mwen te lage chay lou sa a.





D.F.

“ICE swiv kote mwen ye 24 èdtan pa jou sou SmartLink. Si lokasyon an etenn, pwogram nan dekonfigire. Li se yon estrès paske ou sèlman jwenn senk tantativ voye yo yon foto bayo, men pafwa foto yo echwe sou tout senk tantativ yo. Sou lòt aplikasyon, mwen ka retire pèmisyon pou itilize lokasyon, e se sa... li pa jis. Sipèvizyon pa jis. Detansyon pa jis.”

Madanm mwen ak mwen te sou yon monitè cheviy pou 4 mwa anvan nou te vini Chicago. Lè nou te prezante tèt nou nan biwo ICE Chicago, yo te di nou li pa nesèsè pou li genyen li, men ke mwen te dwe genyen li kòm chèf fanmi an. Aprè yon ane, yo te chanje m sou SmartLink, kote mwen oblije voye foto tèt mwen chak madi, resevwa apèl, epi ale nan biwo yo. Mwen pa janm viv anyen konsa oparavan. Depi lè sipèvizyon kòmanse, kit se pou monitè cheviy la oswa aplikasyon SmartLink la, ou santi w mal. Li afekte ou anpil sikolojikman.

Lè w sou monitè cheviy pou yon ane te entans. Ou pa ka kite batri a fini, men plis tan pase, mwens lavi batri a genyen. Yon fwa, li etenn a 3am epi twa ofisye diferan te rele m 'nan espas dis minit mande kote mwen ye, ki kote mwen chape. Sa touye ou sikolojikman ak domaje mwen fizikman. Li fè mal pou dòmi, pran beny, ak mache.

Mwen gen anpil eksperyans kote yon moun te pran m' pou yon moun danjere ki te fè bagay terib. Yon fwa, mwen te ale nan magazen likè a epi yon moun di m' li pa bon pou w vyole kondisyon libète mwen yo. Mwen pa t trete nan fason sa nan peyi mwen, epi pou vini isit la epi ou jwenn yo trete m' nan fason sa a afekte mwen.



ICE swiv lokasyon mwen 24 èdtan pa jou sou SmartLink. Si lokazyon an etenn, pwogram nan dekonfigire. Sase yon estrès paske ou sèlman gen senk tantativ pou voye yon foto, men pafwa foto yo echwe sou tout senk tantativ yo. Sou lòt aplikasyon, mwen ka retire pèmasyon pou itilize kote mwen ye, e se sa. Akoz de tou de, monitè cheviy la ak SmartLink, mwen te rate anpil bon opòtinite travay. Anplwayè yo pa konprann si ou pa ka vin travay sèten jou nan semèn nan, oswa si ou oblije manke travay 1-3 fwa pa mwa. Mwen ka jwenn anboch, men yon fwa mwen di yo nan ki kondisyon mwen ye, yo ta di ke mwen pa ka travay.

Mwen gen yon mesaj pou politisyen yo: sa se yon move investisman. Ou ap gaspiye lajan peyi sa a nan bagay ki pa fè sans. Ou ta dwe investi nan adrese lòt bagay, tankou povrete oswa adiksyon. Li pa jis. Se Sipèvizyon pa jis. Detansyon pa jis.

JULIA

**“Lè m t ap chèche yon lekòl pou pitit fi mwen yo...
Okòmansman, yo te di m ke yo te gen plas disponib pou yo.
Men, yon fwa yo reyalize ke mwen te gen yon chèn cheviy,
yo te di m ke yo te anile plas yo ... Se te yon eksperyans trè
dezagreyab, wonti, ak difisil pou timoun mwen yo ke mwen pa
swete pou okenn fanmi. Sa se te sèlman youn nan yon pakèt
moman terib, se poutèt sa mwen te pran desizyon pou m pa
soti deyò pandan m te gen chèn cheviy la sou mwen.”**

Non mwen se Julia. Mwen se Garifuna ki soti Ondiras. Mwen te rive nan peyi Etazini sa fè 4 ane de sa. Mwen te antre nan peyi a ak de pitit fi mwen yo epi nou te pase de jou nan bwat glas la, yon prizon ke mwen pa ta vle pou pèsonn. Sa te terib. Aprè sa a yo te voye nou nan Sid Texas Sant Rezidans pou Fanmi kote nou te ye pou twa semèn, yon Odise.

Pou mwen te ka soti nan kote sa a yo mete yon chèn cheviy sou mwen e sa te pi mal epi mwen te oblije mete li pou apeprè 4 mwa. Eksperyans lan pa t fasil pou mwen kòm yon moun epi mwen te rete andedan pou anpil nan tan an. Paske mete chèn cheviy la te fè m santi m tèlman wont e mwen te santi m mal anpil lè moun t ap gade m ak chèn cheviy sa a, sa te fè m anpil estrès e li te jwe kont mwen. Sikolojikman mwen pa t' santi byen. Poutèt sa mwen mande ak tout kè mwen pou otorite gouvènman yo tanpri sispann finanse konpayi yo ak moun ki ap fè anpil lajan nan fabrike chèn cheviy sa yo.



Lè m' te ap chache yon lekòl pou pitit fi mwen yo, youn nan eksperyans ki pi dezagreyab mwen te fè se akòz chèn cheviy la. Okòmansman yo te di m' te gen plas ki disponib pou yo. Men yon fwa yo reyalize ke mwen te gen yon chèn cheviy, yo te di m ke yo tap anile plas yo. Li te afekte fanmi mwen anpil. Pi mal toujou, lè nou te kite kote a, nou te santi pèsònèl la/ anplwaye yo ap veye nou [nan lekòl la]. Se te yon eksperyans trè dezagreyab, jenen, ak difisil pou timoun mwen yo ke mwen pa swete pou okenn fanmi. Sa a te sèlman youn nan anpil moman terib, se poukisa mwen te pran desizyon pou m pa soti deyò pandan mwen te gen chèn cheviy la sou mwen.

Mwen kwè li pi bon pou sèvi ak lajan pou edikasyon pou moun imigran ak lòt moun ki bezwen li.

MICHAEL BONGANI LANGA

"SmartLink raplem de Apartheid nan peyi m'. Asèlman lapolis tout tan paske ou manb yon sèten pati politik. Se te yon sitiasyon kote yon moun dwe viv an exil pou eseye kouri lwen lapolis. Apartheid fè domaj sou mwen ak sou anpil moun ki te sibi a sèlman brital oubyen ki te asasinen pa sistèm lan. Domaj sikolojik sa kreye chòk ki pral la pout tout vi m."

Mwen te fèt nan Lafrik Di Sid, nan Durban, kounye a ke yo rekonèt kòm KZN. Mwen gen de matriz nan Sikoloji ak Teyoloji. Mwen te vin Amerik legalman atravè yon Visa J-1 pou m travay kòm yon Sikològ Konpòtman. Mwen te nan peyi sa pou prèske 22 ane kote map peye taks ak swiv lalwa. Malerezman, maryaj mwen te kraze e kòm rezilta ICE te vin chèche m nan ane 2018 e yo te kenbe m pou 11 mwa.

Mwen te lage sou yon kosyon \$3,500 a kondisyon ke mwen mete yon aparèy siveyans GPS. Si GPS la pa fonksyone pou yon rezon oswa yon lòt, Ofisye ICE yo rele epi menase pou yo arete w, yo di ke ou vyole kondisyon liberasyon w. Ou pa gen yon chans pou rapòte lè aparèy la pa fonksyone byen paske Ofisye ICE yo pral sou do ou. Sa ki chokan se ke Ofisye ICE yo pa reponn telefòn yo si ou vle rapòte yon bagay MEN si yo rele ou, yo espekte ou reponn imedyatman.

Avèk GPS la, mwen pa t' kapab mache byen epi li te kreye boul sou janm mwen. Plis pase pwoblèm sante yo, GPS la kreye yon stigma nan kominote a epi yo te gade m tankou mwen te danjere. Pou prèske yon ane, mwen te rele Ofisye ICE mwen an pou m pote plent sou GPS la epi li te refize retire li. Epi avoka mwen an te mennen m pou m' al montre ICE kondisyon janm mwen an.

Aprè sa, yo finalman retire li epi mete m sou SmartLink, kote yo ba w yon fenèt inèdtan chak madi pou w telechaje yon selfi. Si ou pa fè sa, ou sibi asèlman toutan epi ou oblije ale nan biwo ICE nan demen pou ranpli kondisyon sa a. SmartLink pi bon pase GPS la men li gen restriksyon pa li. Li afekte sityasyon ekonomik ou paske ou pa ka travay anba tab pou sipòte piti ou.

Mwen gen de ti gason ki fèt nan peyi sa a. Yon moun pa ka chita nan lakay akòz de restriksyon imigrasyon epi li pa fè yon bagay pou sipòte lavi li ak timoun li yo ak peye bòdwo, bòdwo doktè, ak taks. Kidonk SmartLink se pa wout la. Ou pa kapab travay le madi, PLIS yon fwa pa mwa ou dwe rete lakay ou. PA GEN MOUN kap ka anboche w nan kondisyon sa yo. Ou pa ka kite vil la e si travay la se andeyò eta a, ou pa ka pran li.

SmartLink raplem Apartheid nan peyi m'. Asèlman lapolis chak jou paske ou manb yon sèten pati politik. Sa se te yon sityasyon kote ou dwe viv an ezil pou w' eseye rete lwen de lapolis. Apartheid fè domaj sou mwen e anpil moun te sibi asèlman brital oswa sistèm nan te asasinen yo. Domaj sikolojik sa yo kreye chòk ki ap rete avèk m pou tout vim. Apartheid ak Detansyon san jijman se te yon lòd nan Lafrik Di Sid. Koulye a, imigrasyon ak Detansyon PLIS Depòtasyon se lòd nan Amerik jodi a. Lè yo rache w' lwen de fanmi w' akòz de tretman inimèn sa se yon vyolasyon dwa moun.

MARIO PEREZ

"Moun ki te nan prizon epi kounya ki sou ATD ka pè pataje eksperyans yo paske nou vle kwè ke sa a se 'pi bon' opsyon epi nou ta dwe rekonesan. Avèk sa ki di la, mwen pa ko kapab geri anba chòk prizon an paske chèn dijital yo PA altènatif pou libète. ... Tout sistèm ATD te kreye pou rann li pi difisil ke posib pou nou rejwenn lavi nou, fanmi ak kominote nou."

Mwen se yon Meksiken natif natal. Fanmi mwen te imigre nan Inland Empire, Kalifòni lè m te gen 5 an, kote mwen te viv pou plis pase 30 an. An 2013, mwen te akòde DACA, men akòz de erè ki te afekte dosye kriminel mwen, m pa t' kapab renouvle otorizasyon travay mwen. Ka mwen te antre nan sistèm imigrasyon ki deklanche yon arestasyon ICE ki vin kenbe m nan detansyon nan yon etablisman ICE an 2018. Yo te lage m aprè 6 mwa epi yo te mete m sou ATD.

Anvan yo te lage m, ICE te mete yon monitè cheviy sou mwen. Pou 7 premye mwa yo, mwen te gen vizit lakay ak ICE chak semèn ki te fèm dwe rete lakay soti 6am-6pm, ak enskripsyon chak de semèn. Aprè 7 mwa, mwen te resevwa enstriksyon pou m' telechaje SmartLink, epi chak lendi mwen pran yon foto ant 8am ak 10am epi soumèt li atravè aplikasyon an, ki pataje lokasyon ou. Mwen te kontinye anrejistreman chak de semèn yo nan biwo yo jislè Covid, ki se lè nou te chanje pou apèl videyo, men sistèm yo fè defo kidonk apèl videyo yo le plis souvan pa janm mache. Koulye a, yo gen regilye apèl nan telefòn .

Moun ki te nan prizon epi ki sou ATD kounye a ka pè pataje eksperyans yo paske nou vlé kwè ke opsyon sa a "pi bon" epi ke nou ta dwe rekonesan. Kòm sa fin di, mwen pa ko kapab geri anba chòk nan prizon paske chèn dijital yo PA altènatif pou libète. Defi ke nap afrente yo terib, epi yo afekte sante jeneral nou ak mwayen pou n' viv. Laperèz ak enkyetid tout tan ke yo tap siveye m' tout tan te vin fè m' kraze fizikman ak emosyonèlman. ATD fè li difisil pou kenbe yon travay ki pral konprann koman ou gen plizyè enskripsyon chak semèn. Tout sistèm ATD a te kreye pou rann li pi difisil ke posib pou nou retounen nan lavi nou, fanmi nou, ak kominote nou.

Reyalize ke mwen pa lib oswa otonòm/indepandan?? te lakòz anpil estrès ak enkyetid pou mwen. Youn nan pi move moman yo se lè m te ap selebre premye anivèsè depi m te lage, men monitè cheviy la pa te chaje epi li te kontinye ap sonnen, vibre e ap pede di m pou m "chaje batri." Se te yon vandredi aprèmidi e mwen pa t' kapab jwenn yon moun ki pou ede m'. Li pa t' sèlman jenen, men tou li te trè anmèdan.

Eksperyans sa a definitivman te gen yon enpak/konsekans negatif sou moun ki bò kote m'. Li non sèlman lakòz yo estrès pou yo wè jan m'ap esye navige sipèvizyon ICE, men yo te oblije ajiste vi yo pou akomode orè, restriksyon, ak libète kondisyonèl mwen.

A moun ki gen pouvwa, mwen ta ankouraje yo pou yo sispann finansè sistèm ak ajans sa yo ki ofri ZEWO benefis imanitè, epi kap kontinye teworize moun ak kominote atravè siveyans e laperèz. Yo ta dwe konnen ke ATD ak teknoloji ke yo itilize yo pa gen okenn valè nan jistis restorativ oswa jistis de gerizon ke nou merite. Mwen vle moun sonje ke "Altènativ pou Detansyon" pa egziste.

The logo consists of the letters 'S.A.' in a bold, orange, hand-drawn font. To the right of the letters is a stylized handprint with five fingers, also in orange. The logo is set against a dark blue circular background.

“Natirèlman sa fè m honte pou m gen monitè sa a nan cheviy mwen. Mwen bezwen soti deyò, al travay, al chèchè manje, men lè moun wè monitè nan janm mwen an, yo eseye rele sou mwen oswa menm bat mwen. Yo panse mwen te fè yon bagay ki map anpil. Janm mwen fè m pa an sekirite nan lari a.”

Mwen fèt an Ayiti. Lè m te vin Ozetazini an 2016, m te ale Brockton, MA paske sè m' ap viv la. Mwen te viv la pou apeprè sis ane. Lè m te marye, madanm mwen ak de pitit li yo te deplase al Brockton. Mwen te travay de djòb e mwen te sipòte yo jiskaske yo te arete m.

Mwen te pase yon ane nan prizon aprè sa yo te lage mwen nan man ICE epi mwen te pase yon lòt ane nan detansyon ICE. Se te premye fwa mwen te nan prizon, e lè m te soti an Out 2021, mwen te kontan m te lage. Men yo te mete monitè cheviy sa a sou mwen, epi mwen te panse yo tap retire l aprè yon ti tan, men sa pat fèt. Lòt nèg ki te lage an menm tan ak mwen te gen monitè cheviy yo a retire epi yo te vin gen yon aplikasyon sou telefòn yo. Men yo bliye m. Mwen toujou ak monitè cheviy la jis ka jodi a.





Mwen toujou santi mwen nan prizon paske mwen pa ka ale nenpòt ki kote, mwen pa ka fè anyen pou fanmi mwen. Madanm mwen ak bèlfi/bofis mwen te degèpi lè mwen te ale nan prizon epi yo te oblije deplase al Pennsylvania. Lè ICE te kite m vizite fanmi m, pitit fi m te kouri epi ap kriye lè monitè cheviy la te vibre. Li te tèlman pè.

Natirèlman li fè m honte/jenen pou m' gen monitè sa a sou cheviy mwen. Mwen bezwen sòt deyò, al travay, al chèchè manje, men lè moun wè monitè a nan pye mwen an yo eseye rele sou mwen oswa menm bat mwen. Yo panse mwen te fè yon bagay ki mal anpil. Janm mwen fè m pa an sekirite lèm deyò.

Pafwa mwen santi mwen deprime anpil. Mwen pa ka dòmi byen. Monitè a vibre epi sa fè m pè epi sa reveye m. Li fè cheviy mwen mal epi li lakòz demanjezon ak iritasyon. Menm pye m' anndan soulye m' fè mwen mal.

Si m te kapab pale ak moun sou pouvwa, m ta di: “Avan w pran kòb ou fè sou vann monitè cheviy sa yo, panse ak moun ki ap souffri oswa ki ka menm mouri.”

Mwen souffri anpil, men mwen priye e mwen kontinye goumen. A tout lòt moun ki ap souffri nan detansyon ICE oswa ki soti nan detansyon, tankou mwen, mwen di: 'Mwen konnen doulè ou. Pa abandone. Eseye pale ak yon moun ki ka ede w' retire li.'

ANONYMOUS

"Monitè m nan te mete yon jan ki lach kidonk li te souvan difisil pou m te ka kache l, epi si m mete nenpòt bagay ki pa chosèt long vin fè monitè a fwote sou cheviy mwen. Mwen trè aktif nan legliz mwen an, pafwa li difisil pou abiye pou ta ka kache l'. Dènye bagay mwen ta vle se pou moun wè l e sak pi enpòtan pou yo jije."

Mwen gen 24 an. Istwa imigrasyon mwen an kòmanse lè mwen te fèt nan Meksik. Yo te mennen m Ozetazini a ba zaj. Fanmi m ak mwen te rete nan yon ti vilaj trankil nan Sid Ilinwa. Mwen grandi nan yon kilti ak yon kominote ki sitou se blan Ameriken. Mwen te kòmanse jadendanfan e mwen te gradye nan lekòl segondè ak menm kominote sa. Sa se vrèman sèl kilti ke mwen te janm konnen. Mwen te yon revè e mwen te fè kèk nan rèv mwen yo tounen reyalyte lè DACA te prezante. Mwen te vin kapab jwenn yon pèmi travay epi pouswiv yon kolèj edikasyon.

Mwen te ale nan inivèsite nan Ilinwa jiska 2018 lè yo te arete m paske m te komèt yon krim epi yo te kondane m nan prizon IDOC. Yo te lage m nan mwa Oktòb 2020 e m te sou wout pou m fini libète pwoviswa m lè DHS te arete m epi te transfere m nan detansyon ICE. Mwen te voye m plizè kote nan detansyon; soti nan Illinwa, al Mizouri, al Indiana, epi tounen nan Illinwa.



Yon kondisyon pou m' te libere se te pou m genyen yon monitè cheviy ak enskri nan pwogram ISAP avèk enskripsyon telefòn apèl, vizit lakay, ak vizit biwo. Monitè mwen an te mete un jan lach kidonk li te difisil pou m ka kache li epi mete nenpòt lòt bagay ke chosèt long lakòz monitè a fwote sou cheviy mwen. Pou m ka kache monitè a pi fasil, mwen mete jean dwat oswa jean klòch anba. Mwen trè aktif nan legliz mwen, epi gende lè pou abiye vin difisil pou kache l'. Dènye bagay mwen te vle se pou moun wè l e sak pi enpòtan pou yo jije.

Mwen te sou 6 mwa libète pwovizwa anvan ICE te arete m, kidonk lè yo vin mete sou yon monitè te tankou yon gwo tounen dèyè. Nenpòt moun ki te nan detansyon ICE ap fè ninpòt kisa pou yon opòtinite pou yo deyò, pou yo ak fanmi yo, oswa jis pou yo respire lè fre. Mwen priye pou anpil lòt moun kapab soti nan detansyon. ICE deside kiyès pou l' lage ak kiyès pou l' mete sou ATD. Monitè a ba ou yon sèten sans tankou ou toujou nan detansyon ICE, men tou li sèvi kòm yon rapèl sou sa mwen te oblije andire epi li fè ou apresye chak moman libète ke w soti nan detansyon.

CARLOS

" Mwen pa santi m lib. Mwen santi mwen toujou nan prizon - sa a se jis yon lòt fòm prizon. Enpak/konsekans lan sou fanmi m se yon dezaz. Pitit fi m yo sitou te twomatize anpil. Lè yo wè m ak monitè nan cheviy, ap resevwa apèl agresif nan men ICE chak fwa te gen yon pwoblèm, epi kounye a ak SmartLink, yo pè anpil ke yo pral pran m nan men yo ankò nenpòt kilè ... Menm lè siveyans elektwonik sa a fini, mwen pa konnen kijan oswa si nou ap janm ka tounen nan nòm al."

Nou se yon fanmi senk moun ki soti Meksik, epi nou ap viv nan Inland Empire nan Sid Kalifòni depi anvan pitit fi nou yo te fèt. Yo te arete m epi lage m sou kosyon an Oktòb 2019. Depi lè sa a mwen sou pwogram ISAP e sa te twomatizan pa sèlman pou mwen men pou tout fanmi m. Swadizan mwen lib, men an reyalite mwen pa lib.

Lè m te fèk soti nan detansyon, yo mete monitè cheviy la sou mwen. Se te yon kochma - li pa janm te mache byen, epi yo te oblije chanje batri apeprè dis fwa. Ofisye ISAP yo te deklare ke batri a tap dire 4-8 èdtan, men li toujou fini aprè de zè de tan. Pafwa m'ap kondwi epi yo rele m' pou di m ke monitè a pa sou rezo e ke mwen dwe prese rante lakay. Oswa batri a kòmanse bip donk fòk mwen dwe prese chanje li, menm nan mitan lannwit lan pandan madanm mwen ak mwen t ap dòmi. Fanmi m te toujou nan krent ke yo ka retire m nan mitan yo ankò.

Yo te sipoze retire monitè nan cheviy la pi bonè, men akoz/poutèt pandemi a yo di fòk yo kite l' pou pi lontan. Finalman, yo te dim yo ka retire l' si m bay yo paspò Meksiken mwen. Men m' pat ka jwen un randevou nan konsila Meksik - nou rele chak jou pandan 2 mwa. Lè nou finalman gen yon randevou, yo di m' pa kalifye pou yon paspò akoz de yon erè nan sètifika de nesans mwen. Mwen te telman fristre paske mwen te gen yon otorizasyon pou yo te ka retire l' men mwen pat kapab akoz de biwokrasi. Tout kote m' vire pòt fèmen.

Lè yo finalman te retire monitè a, ICE mete m' sou Smartlink. Se toujou menm chòk la pou yap kontrole w', pou w sou kòd, pou toujou pè ke yon bagay ka malfonksyone epi yo refèmen m' nan detansyon anko. M' gen twa kalite apèl ak Smartlink. Chak kat semèn m' gen pou checke avèk ICE epi ak ISAP separeman. Anplis de sa mwen gen pou m' rele yon sant mesaj otomatik kote mwen dwe konfime idantite m' aprè sa pou m' bay yon kod senk chif ak rekonesans vokal. Mwen gen yon apèl preske chak semèn. Mwen sipoze lakay mwen pou apèl yo kidonk mwen oblije pran jou konje nan travay la. Kèk semèn, tout apèl yo vini preske menm li epi sa fè li vreman estresan ak difisil pou ka travay.

M'pa santi m' lib. Se tankou mwen santi m' toujou nan prizon - sa se jis un yon lòt fòm de prizon. Konsekans/enpak li sou fanmiy m' se yon dezaz. Pitit fi mwen yo espesyalman te twomatize/choke anpil de bagay sa. Lè yo wè m' ak monitè a nan cheviy mwen, ap recevwa apèl agresif de ICE chak fwa ke gen yon pwoblèm, epi konya avèk SmartLink, yo pè pou yo pa pran m' ankò nenpòt ki lè. Yo mande manman yo ki kote m' ye epi kisa map fè depi m' pa lakay la. Lè m' te gen odyans tribinal lan, yo te vlé vini avèk mwen paske yo te pè ke m te ka pa pèdi ka a epi pou yo tou kenbe m' nan detansyon. Pitit fi mwen yo te konn travay trè byen lekòl avan sa a, men nan dènye ane sa, yo te vin vreman distrè si tèlman ke pwofesè yo kontakte nou epi konekte yo ak terapi pou inkyetid pou yo. Li te vreman difisil pou madanm mwen tou. Li rele m' si m' menm gen yo ti reta nan lage travay paske li pè ke yon bagay pat rivem'.

Sa fè prèske 3 zan kounye a. Mwen pa konnen konbyen tan sa a pral dire. Mwen gen yon pèmi travay men mwen pa wè okenn posibilite pou m soti nan ISAP talè, jan yo te di m ap kontinye kontwole jiskaske ka imigrasyon mwen an rezoud, sa ki ka pran plizyè mwa oswa plizyè ane. Menm lè siveyans elektwonik sa a fini mwen pa konnen ki jan oswa si nou pral janm kapab tounen nan nòm al. Eksperyans sa a te tèlman twomatizan pou tout fanmi mwen ke mwen pa panse sa pral fini menm lè mwen libere nan sistèm sa a. Efè yo se tou de sikolojik ak fizik. Sa fè plis pase yon ane depi monitè cheviy mwen an te retire, men mwen kontinye gen pwoblèm ak yon nè nan cheviy mwen - li angoudi prèske chak jou.

Mwen vle fè tout sa mwen kapab pou tout moun ka libere de prizon elektwonik. Li ta ka parèt/sanble tankou li enposib pou sispann sistèm sa a, men li pa enposib. Nou kapab fè li, e mon kwè ke nou tout nou kapab lib si nou travay ansanm.



KONKLIZYON

Jan gwo eksperyans moun yo viv yo montre aklè ke ISAP se pa yon altènativ pou detansyon; li se yon ekstansyon teknolojik de detansyon. Domaj fizik ak sikolojik kontinyèl ke moun ki nan pwogram nan sibi pa ka kontinye. ICE dwe fèmen prizon dijital li yo imedyatman, epi tou pou mete fen nan tout fòm detansyon imigran yo - liberasyon total se sèl chemen pou fè avan. Pa gen okenn altènativ pou detansyon eksepte libète.

"Pou ofisye eli yo ki bay konpayi siveyans sa yo plizyè bilya: sensèman ou ap imilye nou kòm èt imen. Mete ou nan plas nou, nou pa te vini pou nou fè pèsonn mal. Pou moun ki ap viv ak siveyans sa a, chèche òganizasyon pou sipòte w, fòs la se nan konbit, fè tout sa ki posib pou ka retire bagay sa. Goumen pou dwa w, pa lagé, epi toujou kenbé diyite w wo,"

- M.O.

NÒT FINAL YO

- 1 Youth Justice Coalition, *Tracked and Trapped: Youth of Color, Gang Databases, and Gang Injunctions* [Vigilar y capturar: Juventud de color, bases de datos de pandillas y mandatos judiciales contra pandillas], (Desanm 2012), <https://www.youth4justice.org/wp-content/uploads/2013/07/Tracked-and-Trapped.pdf>.
- 2 U.S. Immigration & Customs Enforcement, Detention Oversight: Detention Statistics, dènye aksè 25 avril 2022 <https://www.ice.gov/detain/detention-oversight#tab2>.
- 3 Johana Bhuiyan, Poor Tech, Opaque Rules, Exhausted Staff: Inside the Private Company Surveilling US Immigrants, The Guardian, Mar. 7, 2022, <https://www.theguardian.com/us-news/2022/mar/07/Us-immigration-surveillance-ice-bi-isap>; U.S. House of Representatives, Letter to Immigration & Customs Enforcement (ICE), Lèt Kongrè a (Fevriye 2022), https://tlaib.house.gov/sites/tlaib.house.gov/files/ICE%20ISAP%20Congressional%20Letter_final.pdf.
- 4 Todd Feathers, ‘They Track Every Move’: How US Parole Apps Created Digital Prisoners, The Guardian, Mas 4, 2021, <https://www.theguardian.com/global-development/2021/mar/04/they-track-every-move-how-us-parole-apps-created-digital-prisoners>.
- 5 Moun ki parèt nan eksperyans pèsonèl yo nan rapò sa a sèvi ak tèm cheviy cheviy, monitè cheviy, ak GPS yon fason ka ranplase.
- 6 Just Futures Law and Mijente, ICE Digital Prisons: The Expansion of Mass Surveillance As ICE’s Alternative to Detention, Report (Me 2021), <https://www.flipsnack.com/justfutures/ice-digital-prisons-1u8w3fnd1j/Full-view.html>.
- 7 Angelika Albaladejo, Despite Biden’s Promises, Immigrant Detention and Surveillance Grow, Capital & Main, Out. 10, 2021, <https://capitalandmain.com/despite-bidens-promises-immigrant-detention-and-surveillance-grow>.
- 8 ICE, *ver nota 1*.
- 9 *Id.*
- 10 Dep’t of Homeland Sec., FY2023 Budget in Brief (2022), https://www.dhs.gov/sites/default/files/2022-03/22-%201835%20-%20FY%202023%20Budget%20in%20Brief%20FINAL%20with%20Cover_Remediated.pdf nan 10.
- 11 ICE, *supra note 1*; Ted Hesson & Mica Rosenberg, Private Prison Company to Test U.S. House Arrest Program for Immigrants, Reuters, fevriye. 16, 2022, <https://www.reuters.com/world/us/private-prison-company-test-us-house-arrest-program-immigrants-2022-02-16>.
- 12 Hesson y Rosenberg, *supra nòt 10*.
- 13 Bhuiyan, *supra nòt 2*.
- 14 Dep’t of Homeland Sec., *supranan nòt 9*.